

**COMMONWEALTH MASSACHUSETTS
DEPATMAN SANTE MANTAL**

AVI SOU DWA

Pou bay tout pasyan yo ke yo admèt konfòmeman ak M.G.L. c.
123, s. 12 (b)

Ospitalizasyon Envolontè Tanporè
M.G.L. Chapit 123, Seksyon 12 (b)

Yo te admèt ou nan etablisman sa a konfòmeman ak M.G.L. c. 123, s. 12 (b) pou yon peryòd jiska twa (3) jou ouvrab. Nan fen twazyèm (3yèm) jou ouvrab la, si Sirentandan an oswa lòt responsab etablisman an deside ke liberasyon w ta kreye yon posibilite pou gen yon gwo domaj pou ou oswa pou lòt moun akòz maladi mantal ou, li ka depoze yon petisyon pou angajman sivil ou nan etablisman an pou yon peryòd jiska sis mwa. Si yo depoze yon petisyon, Tribinal Distri a ap kòmanse odyans lan nan senk (5) jou ouvrab, san konte samdi, dimanch oswa jou ferye, ke pandan tan sa a w ap oblije rete nan etablisman an.

Sou demann ou, n ap fè Komite pou Sèvis Konseye Piblik (CPCS) la konnen non ou ak lokal la. CPSC pral nonmen apres a yon avoka pou rankontre avèk ou. Èske ou ta renmen nou kontakte CPSC nan moman sa?

Wi ☐

Non ☐

Si ou di Non epi chanje lide w nan pita, nou pral kontakte CPSC nan moman sa.

Si w gen rezon pou kwè admisyon ou nan etablisman sa a anba M.G.L. c. 123, s. 12 (b) se rezilta yon abi oswa yon move itilizasyon nan pwosesis admisyon an, ou ka mande, poukont ou oswa atravè yon avoka, yon odyans ijans nan Tribinal Distri a kote jiridiksyon etablisman sa a ye. Si w vle fè yon demann konsa, etablisman an ap ba w fòm ki apwopriye a.

Mwen te resevwa ak li Avi sa:

Non

Dat

Siyati temwen pèsònèl

Dat